Қорақалпоғистон Республикаси
Хўжайли тумани ҳокими
ҚАРОРИ

Қарақалпақстан Республикасы
Хожели районы ҳәкими
ҚАРАРЫ

№955/06 **«30»-июнь 2018-жыл**

Хожели районы аймағында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жол ҳәрекети белгилерин орнатыў ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018-жыл 19-апрелдеги 6/898-санлы "Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң 2018-жыл 15-апрелдеги 11/6-1062-санлы" хатын қарап шығып, Өзбекистан Республикасының "Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистан Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15 апрель, 15-сон, 197-модда)ның 7-статьясына, "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында"ғы Нызамының 25-статьясына муўапық, район аймағында транспорт қуралларының ҳәрекетлениўин тәртипке салыў, жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде, Хожели районы ҳәкими

ҚАРАР ЕТЕДИ:

1. Районлық жоллардан пайдаланыў унитар карханасы баслығы (М.Қайпназаров)на ҳәм Хожели районлық абаданластырыў басқарма баслығы (Т.Таджимуратов)на Хожели районы аймағынан мәмлекетлик әҳмийетке ийе "Нөкис – Хожели" 4Р 174 автомобиль жолының 11-14 км. аралығына 3.24 (ең жоқары тезлик 60 км.саат) "тезликти шеклеўши" ҳәм 7.2.2 қосымша жол белгилерин орнатыў ҳәм оның тийисли тәртипте сақланыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

2. Бул қарарды «Хожели ҳақыйқаты» газетасында рәсмий түрде жәриялансын ҳәм район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Хожели районы ҳәкиминиң орынбасары А.Ниетуллаевқа жүкленсин

Хожели районы ҳәкими: **Д.Қайпов**